**ПАУЛЬ УАЙТ**

# ТОТО ÆМÆ ЙÆ ХÆЛÆРТТЫЛ ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ ЦЫТÆ ÆРЦЫД, УЫДОНЫ ТЫХХÆЙ

**Нывгæнæг Петр Орам**

Перевод на осетинский язык
Елены Рамоновой



## ГИППОПОТАМ БУХУ

Диссаджы рæсугъд хур бон скодта. Маймули Тото æмæ жираф Твига сæ зæрдæйы дзæбæхæн хъазынц тæвд бæстæйы тархъæды, джунгли кæй хонынц, уым иу цады был. Згъорынц, гæппытæ кæнынц, цалынмæ бафæллайынц, уæдмæ, стæй сæ фæллад суадзынмæ æрбадынц фæлмæн кæрдæгыл.

– Стæма, чи фæцæуы уый! – сфарста Тото.

Твига худæгæй бакъæцæл:

– Буху, мæгуырæг, Буху! Цымæ уагæр цавæр хъуыдытæ æрæмбырд йæ дынджыр корто сæры? Æрмæст йæ бакастæй дæр мæ зæрдæ бариссы.

– Мæгуыр зæронд Буху, – йæ худынæй не ´нцайы Тото. – Ахæм æнкъард у, ахæм, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Цымæ йæ ницы хуызы бахъæлдзæг кæниккам?

Мæнæ æрбахæццæ кæны Гиппопотам æмæ йæ хъуыр-хъуыр цæуы:

– Кæм и ме ´нгуз? Мæнæ ацы дурыл куы уыд. Ныр цыдæр фæци. Цы йæ фæкодтай, маймули?

– Æцæг дын зæгъын, æвналгæ дæр æм нæ бакодтон, – зæгъы Тото.

– Æцæг у, æцæг, – къæссайы комыл хæцæгау фæци Твигæ. – Павиан Гун адавта де ´нгуз. Мæхæдæг æй мæхи цæстæй федтон.

– Ныууадз, дæ хорзæхæй, ацы тархъæды æнæуи дæр никæуыл ис æууæнк. Тынг маст мын у. Цы ´рбадæлдзæх уый хуызæн ставд ахъаззаг æнгуз!

7

– Уæдæ цæй диссаджы хорз бон скодта абон, зæгъыс, Буху! – дзуры Твигæ.

– Ох-ох... Ныууадз мæ, дæ хорзæхæй, ахæм судзгæ хурæй, зиан мын у мæ буарæн. Мæ царм схæрв вæййы æмæ йæ ныхын сисын, кæд дæ уырны, уæд! – Буху йæ дынджыр сæр батилы хъыггæнгæ. – Æмæ уæд мæ фындз та, мæ мæгуыр фындз! Мæ хуырртæй стыхсын, мæ фындз тæдзын байдайы. Ууу... Кæсут... Ныртæккæ та райдайдзынæн æхснырсын...

Тото йæм уайтæккæ багæпп ласы æмæ йын йæ ком ахгæны. Буху та йæ цæст æрныкъулы.

– О, о, бузныг, Тото! Æхснырсын куы райдайын, уæд уайтагъд мæ фындз æртæдзы, мæ цæстысыг æркæлы, мæгуыр мæ бон...э...э...

– Æмæ дæм диссаг нæ кæсы, хъæды дидинджытæ абон уæлдай рæсугъддæр сты... – Твигæ ахъуыды кодта сæ ныхас æндæрырдæм аздахын.

8

– Уæдæ, уæдæ, – хъуыр-хъуыр кæны Буху, – тынг æхсызгон у дымгæ уæлдæфы сыгъдæгдзинадæн. Уæ дымгæ мæнæ ацы лыстæг бур дидинджыты рыг фæйнæрдæм хæссы. Суанг мæ фынзы дæр скуыси вæййы æмæ йæ ных æмæ ных мæ мæгуыр фындзы рагъы... Уый мæнæн цас æхсызгон у? – Хъыггæнгæ тилы йе стыр сæр. – Куы йæ зониккат куы, куыд мæ тыхсын кæны ацы æнæхайыры æхснырсæг! Мæ фæрстæ мын сæлвæста,  мæ цæсты сыг кæлы, æмæ æниу мæ хъустыл куыд зыны, уый та?

– Афтæ дзæбæх тæф кæнынц, афтæ, æмæ сын зæгъæн дæр нæй, – афтыдта Твигæйы ныхасыл Тото.

– Гм... схъуыр-хъуыр кодта Буху, – æз ацы бур дидинджытæй мæ удхæссæг уынын, стæй мæ нæ хъæуынц розæхуызтæ дæр. Сæ тæф дæр сын не ´мбарын, мæ фындз æхгæд у, хæргæ дæр мæ кæны æмæ æлхыскъ дæр, уæлдæф мæ фаг нæ улæфын æмæ æхснырсын йедтæмæ мæ бон ницы у...

– Æцæг афтæ у, æцæг – ныуулæфыд Твигæ, – мæнæ уал ам а ууоны абад æмæ дæ фаг баулæф сыгъдæг уæлдæфæй.

– О, о, стæй ацы рог дымгæ дæр куыд æхсызгон у тархъæды! – сæ ныхас сын кæронмæ ахæццæ кодта Тото.

11

– Æмæ кæд тыхсыс дæ низтæй, уæд, табуафси, тыхс, цас дæ фæнды, уый бæрц, – загъта Тото, – æрмæст дæхинымæр, иудадзыг сæ кой ма кæ махæн.

– О-о, – мæхинымæр мæ бон нæу, цалынмæ мын мæ тыхст иннæтæ дæр базоной, уæдмæ, – нæтгæ загъта Буху.

Тото йæ къухтæ йæ хъусты батъыста æмæ схъæр кодта:

– Æллæх, æллæх! Уæдæ цæй зындарæн æбуалгъ ставд æмæ тæригъæдтаг хъуыр-хъуыргæнæг хайуан дæ!

– Ахæм гуымиры ныхас кæимæ кæныс ды? – фæцæхгæр æм Буху.

– Демæ, демæ! – хъæр кæны Тото. – Хæрæджы къæлæуы бæрц зонд дæр дæм нæй!

– Дæумæ та ис, нæ?

– Раст дæ хуызæн! Цæуылнæ мæм хъуамæ уа! – Цæхгæр дзуапп ын авæрдта гыццыл Тото.

– Ха-ха-ха, – бахудти Буху, стæй йæхи фæуырæдта æмæ хъæрзыныл схæцыд: – Æллæх, æллæх, мæ фæрстæ, – худынæй дæр рисгæ кæнынц, науæд мæ фæсонтæ та...

15

Твигæ ма ноджыдæр иу хатт фæлвары сæ ныхас æндæрырдæм а здахыныл:

– Акæсут ма цадмæ! Ницы уæм дзы зыны?

– Æз дзы уынын антилопæ Дик-Дикы, ленкгæнгæ, куыд цъыллинджытæ кæны, куыд, – загъта Тото.

Твигæ хæрдмæ йæ къубал сивæзта æмæ тыхстхуызæй йæ цæст да рдыл ахаста:

– Мæнмæ та дзы дæргъæй-дæргъмæ морæ къодах зыны.

Буху сындæг банкъуыста йæ сæр.

– Ацы цады къодæхтæн уæвæн нæй, – загъта уый.

– Уæдæ дзы æз дæр къодах куы уынын! – сдзырдта Тото.

– Куыннæ стæй! – хъуыр-хъуыр кæны Буху. – Ацы цады кæцы къуым нæ басгæрстон, иу ахæм дæр нал баззад æмæ дзы къодахæн йæ ныв дæр нæ федтон.

– Дæхицæй куынæ æппæлис?! Кæфхъуындар хинайæн бассейны ца с æмбары, ды дæр раст уыйбæрц зоныс цады хабар.

– Тото, – æдзæсгом, – Хъуыды кæны Твигæ.

– Кæфхъуындар ацы малы? – дзырдæппарæн кæны Буху. Худæгæй мæ куы амардтай уый! Кæфхъуындар!..

– Дæумæ дæр дзы къодах зыны нырма, Твигæ? – фæрсы Тото.

– Уæдæ, уæдæ, – зæгъы жираф, – уынын æй, антилопæйырдæм куыд ленк кæны, уый.



Буху йæ къубал хæрдмæ ивазы, цас ын комы, уый бæрц. Æмæ дын æваст куы фæкæнид:

– Къодахæн дзы йæ кой дæр нæй, уый æцæгдæр у кæфхъуындар, а нтилопæйы фæдыл чи зилы, ахæм.

Буху уыцы-иу сæррæттæй малмæ йæхи баппæрста. Тотойæн фыртæссæй йæ хъуын арц сбадт.

– Кæфхъуындартæ хæцаг сырдтæ куы сты!

– Гиппопотамтæ дæр афтæ. Кæс ма, кæфхъуындар æй ауыдта æмæ æндæрырдæм ныццавта!

Тото фырцинæй хæрдмæ хауы.

– Антилопæйы фервæзын кодта, фервæзын кодта, нæ хæларзæрдæ зæронд Буху! Ура! Ура! – бæстæ хъæрæй йæ сæрыл систа Тото.

Стæй æваст фæхъус æмæ аныхта йæ фæсхъус:

– Уæдæ уыцы тыхджын æмæ ныфсхаст гиппопотам – нæхи хъуыр-хъуыргæнаг нæтгæ Буху у, зæгъут, сæхи иуварс кæмæй ласынц, уый? Æмæ цымæ æдзух ахæм тыхст æмæ уырыд гиппопотам куыд хъуамæ феста минутмæ зæрдæхæлар, цæстуарзон?

Жираф йæ мидбыл худы.

– Æз сæрыстыр дæн гиппопотамæй, дзуры уый.

Буху æрмæст йæхиуыл куы фæсагъæс кæны æмæ йæ низты, йе ´на монды кой куы фæкæны, уæд йæхицæн тæригъæд кæнын райдайы, æмæ свæййы знæт, хиуарзон. Фæлæ афтæ æнæуынон нал вæййы, иннæты тыхстытыл сагъæсы куы бацæуы æмæ сын баххуыс кæнынмæ куы фæтырны, уæд.



– Бузныг Буху, – зæгъы Дик-Дик, – стыр бузныг, кæй мын баххуыс кодтай, уый тыххæй! Арфæ дын кæнын, зæрдæбын арфæ!

– Э, гм? Æз баххуыс кодтон? – худынырдæм фæци Буху. –

– Ох, уæдæ, цард цæй дзæнæт у! – бахъуыр-хъуыр кодта, дарддæр ленк кæнгæйæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм уавæр ды дæр æмбарыс, хатгай адæймаджы зæрдæ хъазын дæр нал фæагуры æмæ быцæуы бацæуы алкæимæ, чидæриддæр уæд, дæ размæ чи фæвæййы, уыдонимæ кæимæдæриддæр. Æмæ та иннæ хатт, мыййаг, дæхимæ куы æрыхъусай, уæд бафæлвар Бухуйы рецептæй спайда кæнын: исты фадат ссар дæ хæларæн, дæ мадæн, кæнæ дæ хойæн баххуыс кæныны тыххæй æмæ фендзынæ, фæстæмæ та дæ зæрдæ срухс уыдзæн, дæхицæй фæбузныг уыдзынæ. Уæдæ канд дæхимæ хъусыныл нæ, фæлæ исты зындзинæдтæ куы бавзрай, уæд уый тыххæй зæгъ Йесойæн. Æнæмæнг дæ фехъусдзæн æмæ дын баххуыс кæндзæн.

# ХÆРÆГ КУЫД ССИ ЗЕБРÆ

– Цымæ зебрæтæ кæддæриддæр саухæй урсхъулон уыдысты? – бафарстой сывæллæттæ.

Бадтысты иу бæласы бын æмæ æнхъæлмæ кастысты Даудимæ, кæд та сын исты ног хабар ракæнид.

Дауди дохтыры æххуысгæнæг у, йæ хъузон тархъæды. Æмæ йæм сывæллæттæ цæмæ æнхъæлмæ кæсынц, уый куы бамбæрста, уæд йæ мидбыл бахудти:

– Ау, æмæ уый уæхæдæг нæ зонут? Уæд уын радзурдзынæн иу хæрæджы хабар.



Ныр хæрæг дæр сæ цуры лæууы, йæ ном хуынди Пундæ æмæ йын æхсызгон нæ уыди Даудийы дзуапп.

– Уый раст нæ уыдзæн, æрмæст мæ кой ракæнын,– фæхъыг Пундæйæн æмæ дарддæр афтæ, – домбай Симбойæн рæсугъд морæ царм. Жираф Твигæйæн сызгъæринхуыз царм сау тæппытимæ – раст хуры рухсау æмæ мæйдар æхсæвау фæзыны къудзийы бынæй. Уæд мæн цы радавтай уыдоны æхсæн, кæд æмæ мын хуымæтæджы сау ца рм ис, уæд?



– Ау, афтæ æвзæр у сау царм? – йæ дзырд баппæрста маймули Тото. – Уый хыгъд æнцондарæн, чъизи йыл нæ зыны...

Гиппопотам Буху йæ корто сæр батылдта.

– Гм, æнæуи дæр тынг пайда. Æхсæвыгон дæ нæ уынынц нæдæр леопардтæ, нæдæр домбайтæ.

– Æллæх,æллæх, куыд хорз уаид, æндæрхуызон куы фæцадаин, уæд! – арф ныуулæфыд хæрæг. – Ацы тархъæды ис ахæм бынат, зæрдæйы фæндон кæм æххæст кæны, – бадзырдта фæрсырдыгæй Тото, хинæйдзаг худт бакæнгæйæ.

Буху та ногæй йæ корто сæр батылдта:

– Уым, мæхуры чысыл, дæлимонтæ бадынц æмæ уырдæм куы бацæуа, уæд дæ фыдгул афтæ... – гм...

– Уæд йæ зæрдæйы фæндон сæххæст уыдзæн, æндæр цы, – бахудти Тото.

– Æмæ кæм ис уыцы æнахуыр ран? – сфарста Пундæ. – Мæнæн ма йæ зæгъ, Тото, мæнæн, кæм æххæст кæны зæрдæйы фæндон, цы ран у?

– Алæмæты лæгæты, – дзуапп авæрдта Тото.

– Уæдæ ма цом иумæ! Мæн фæнды уырдæм бацæуын!

Буху та йæ сæр батылдта.

– Æмæ æнхъæлыс уый раст уыдзæн?

– Æппындæр нæ, – загъта Тото. – Раст кæд нæ уыдзæн, уæддæр диссаг у йæ базонын.

– Ахæццæ мæ кæн уырдæм, дæ хорзæхæй, – лæгъстæ кæнынил фæци Пундæ. – Кæд æмæ уыцы ран зæрдæйы фæндæттæ æххæстгонд цæуынц, уæд дзы æз мæхицæн урс царм ракурон. Ох, æмæ цы диссаджы рæсугъд уаин, æвæдза, сæнтурс цармы фестын!



– О, мæ зæронд стджытæ, мæ фæллад къæхтæ... – тыхцыд кодта Буху, тыхулæфтгæнгæ. – Уæдæ цæй æбуалгъ даргъ ныцци фæндаг дæр!

– Мæнæ бахæццæ стæм лæгæтмæ, – фæхъæр кодта Тото. – Цæй ныр, Пундæ, бамидæг у лæгæтмæ æмæ зæгъ дæ зæрдæйы фæндон.

Хæрæджы хъæлæс базыр-зыр кодта фыртæссæй:

– Уæдæ дзы цæй саудалынг у!

– О, саудалынг æмæ ма нодджы бырынцъаг, – гм, – бафиппайдта Буху, – æмæ дын фадат ис дæ фæнд аивынæн.

– Ныхъхъус у ныртæккæ, Буху, – Тотойы хъæлæс фæбынæй кодта Бухуйы. – Пундæйæн йæ фæнд йæхи бар у, дæ уынаффæ йæ нæ хъæуы. Хæрæг, уæ хæрæг, фæнды дæ æцæгæй урс фестын?

– Куынæ, куыннæ, – фæныфсджындæр Пундæ. – Фæнды мæ, фæнды!

– Уæдæ бамидæг у лæгæты æмæ зæгъ дæ фæндон!

– Уæд та иумæ бацæуиккам? – сфарста Пундæ.

– Гм – æмæ мæнæн мæ зæрдæ ницы зæгъы, ницæмæ бæллын, – ныццæхгæр Буху. – Дæумæ дæр, Тото, ницы фæндон ис, ницæмæ бæллыс? Кæд лæгæтмæ бацæуай æмæ дзы æвирхъау сыбар-сыбур а йхъусай, тынг кæмæй фæтæрсай, ахæм, уæд хæрæгæй ды тагъддæр æрбаурс уыдзынæ.

Тото мæстæлгъæд хъыллист ныккодта:

– Ды, æвæдза, тынг хъæбатыр дæ – æрмæст лæгæты къæсæрыл, мидæгæй нæ!

– Ма хъæр кæн! ысуынæргъыдта хæрæг. – Æз ныртæккæ бамидæг уыдзынæн.

Буху æмæ Тото æнхъæлмæ кастысты æдте. Стæй дын Буху афтæ:

– Нæ дæ хъуыди хæрæгæн лæгæты кой ракæнын.



– Гъæй, æрбакæсут ма мæм, – райхъуысти хæрæджы хъæлæс.

Тото фесхъиудта йæ мидбынаты:

– Урс у, урс! Пунтæ æцæгæй фестад урс. Куыд дæ къухы бафтыд уый?

– Бацыдтæн саудалынг лæгæтмæ æмæ ныхъхъæр кодтон: Мæн фæнды урс хæрæг фестын! Æмæ фестадтæн урс. Ныр æз ацы та рхъæды зыбыты иунæг урс хæрæг уыдзынæн. Дæ зæрдæмæ цæуы мæ урс „кæрц“, Тото?

– Алы чъизи дæр дыл ныр тынг зындзæн. Дæ бон ницы хуызы бауыдзæн дæхи чъизийæ бахъахъхъæнын.

– Архайдзынæн, кæд бафæразин, – ныфсæвæрæгау загъта Пундæ.

– Гм, уæддæр бирæ рæстæг нæ баззайдзынæ урсæй. Тагъд чъизи фæныкхуызæй агæпп ласдзынæ. Æнæмæнг хуыздæр у саудзарм уæвын. Сауыл чъизи нæ зыны.

– Ох, ох – ныуулæфыд Пундæ. – Иуцасдæр уал дисы бафтаудзынæн иннæты, фæлæ куы счъизи уон, уæд мыл худдзысты. Ох, уæд та куы фестин...

– Кæдæм фæцæуы уый? – фæрсы Буху?

– Фæстæмæ та лæгæтмæ. Кæд æй, мыййаг, ногæй саудзарм суæвын фæнды, – дис кæны Тото.

– Гм, æмæ йын æнцон нæу, кæй зæгъын æй хъæуы. Уый дæ а ххæстæ сты ивуылдæр, хивæнд маймули. Æндæр нæ ардæм цæмæн æрбакодтай, бафæрс дæ, уæд. Цы нын у ныр ацы цоппай? Цæй тыххæй?



– Тото, Буху, ныхъхъæр кодта хæрæг. – Æрбакæсут ма мæм, фæстæмæ сау фестадтæн!

– Æнæмæнг, сау, – батылдта сæр Буху. – Уый дын хæрæг, нæхи зонгæ сау хæрæг. Цы диссаджы рæсугъд у саудзарм сырд, уый та!

Хæрæг сæрыстырæй батылдта йæ сæр.

– Æхсызгон мын у, æгайтма дæ зæрдæмæ цæуын. Сау хуыз тынг аив у, афтæ нæ зæгъын, Тото?

– Афтæ, афтæ, фæлæ ницы уыйас.

– Цæй тыххæй куы зæгъай, уæд тархъæды хæрджытæ сеппæт дæр саудзарм сты, – загъта Тото æмæ йæ къæбут аныхта. – Фæлæ дæ кæд иннæтæй уæлдай истыхуызон фæнды, уæд хъуа мæ æндæр уай.

Хæрæг йæ къах æртъæпп кодта зæххыл.

– О, æмæ мын ды куыд загътай...

– О, зонын æй, зонын, – йæ сæрæй æркуывта Тото. – Уæд нæма ахъуыды кодтон ууыл. Ды раст загътай: сау хуыз а лцæмæй дæр æнкъард æмæ иннæты æхсæн æнæзынгæ, æбæрæг у.

Хæрæг тынг смæсты.

– Уæдæ та уæд фæстæмæ лæгæтмæ бацæудзынæн æмæ мæ зæрдæйы фæнд зæгъдзынæн.

Тото сцин кодта:

– Æз бацæудзынæн демæ!

– Æз дæр бацæуон сымахимæ? – фæрсы Буху.

Тото ныххудти.

– Мæнмæ гæсгæ уый дæуæн ницы пайда фæуыдзæн.

– О-о-о! – Бæзджын хъæлæсæй ныууынæргъыди Буху. – Цы диссаджы саудалынг дзы у!

– Гъæй, – фæхъæр кодта Тото.

– Йæ хъæр айзæлди уæлдæфы:

– Банцай, – табу дын, – бакуывта Буху. – Цалынмæ уыцы æнæзæгъинæгты нæ райхъал кодтай, уæдмæ.

– Пундæ, рæвдздæр ма у, зæгъ дæ зæгъинæгтæ!

– Ой, цы мæрдтаг у ай, цымæ, цыдæр фæлмæныл а ндзæвыдтæн, – загъта Тото.

- Уау! Уый мæ гуыбын у! – æрбамæсты хæрæг.

– Ацы сау талынджы дын кæцæй уынын дæ гуыбын, дæхæдæг дæр æнæхъæнæй мылазон æхсæвы хуызæн куы дæ, уæд.

– Нæ уын дзырдтон, – бахъуыр-хъуыр кодта Буху, – саумлазон хуыз æппæтæй хуыздæр у, уымæн æмæ дæ домбæйттæ æхсæвыгон нæ уындзысты.

– О, æмæ мæ урсдзарм фæнды, – ской кодта Пундæ.

– Уый тынг тæссаг у, – загъта Буху, йæ уæззау корто сæр дыууæрдæм тилгæйæ.

– Уæдæ уæд уадз æмæ уон саудзарм, – загъта Пундæ.

– Уæд уыдзынæ иннæ хæрджыты сеппæты хуызæн, – бахудæгау ыл кодта Тото.

– Нæ, нæ, – ныхъхъæр кодта хæрæг. – Уæд фæлтау уадз æмæ уон урсдзарм... æви саудзарм... нæ, урсдзарм...

– Уæлдæфы айзæлыд йæ ныхас:

– Саудзарм. Урсдзарм. Саудзарм. Урсдзарм.



Уалынмæ дын æнæнхъæлæджы æнахуыр цыдæр гыбар-гыбур куы райхъуысид.

– Рæвдздæр! – ныхъхъæр кодта Тото. – Лæгæт ныртæккæ ныккæлдзæн. Тагъддæр æдтæмæ лидзгæут! ÆДДÆМÆ!

– Ха-ха-ха! – ныххудти Тото ӕдтейы.
– Хо-хо-хо! – ныффуттытӕ кодта Буху.
– Худинагӕй та дзы цы федтай ам? – фӕрсы хӕрӕг.
– Ха-ха-ха, ды ныр урсхъулон саудзарм дӕ!

43

– Ӕппындӕр нӕ! – схъӕрзыдта Пундӕ. – Ӕппындӕр нӕ!
Ӕнӕхъӕнӕй дӕр дӕн тӕлмытӕ. Ноджыдӕр ма хъуамӕ иу хатт зӕгъон мӕ фӕндон!

Фӕлӕ уӕдмӕ байрӕджы. Лӕгӕт ныккалд, куыддӕр дзы адон ра гӕппытӕ кодтой, афтӕ. Пундӕ хъыггӕнгӕ тылдта йӕ сӕр.
– Ах! цӕмӕн ахӕм ӕнӕныфс дӕн!

Чызджытӕй иу, Йӕ ном Елизаветӕ йӕ къухтӕ ныццагъта кӕрӕдзиуыл:
– Нӕ хӕрӕг зебрӕ сси, ӕнӕныфс кӕй уыд, уый тыххӕй...
– ... Лӕгӕт куы ныккалди, уӕд хъуыддаг фӕлыг. Пундӕйӕн фадат нал фӕци йӕ фӕндон зӕгъынӕн! – загъта Тото.
Дауди йӕ сӕр батылдта:
– Тӕлмытӕ зебрӕйы кӕдфӕнды дӕр куы фенат, уӕ зӕрдыл лӕууӕд, нӕ ца рды мидӕг махмӕ хъуамӕ уа ногӕй ногмӕ фӕндтӕ. Ӕмӕ цымӕ кӕцы фӕнд, ца вӕр фӕнд у ӕппӕтӕй ахсджиагдӕр нӕ царды?
– Йесойыл баууӕндыны фӕнд, – ӕвӕстиатӕй, ӕндӕр исты фӕнд йӕ разӕй куыд нӕ фӕуа, афтӕ, – загъта Елизаветӕ.
– Раст у! „Дыууӕ ӕлдарӕн иу рӕстӕджы ничи лӕггад кӕны, уый гӕнӕн уӕвгӕ дӕр нӕй“, – загъта Йесо: Уый фӕнды махӕн баххуыс кӕнын, цӕмӕй ӕрцӕуӕм Хуыцауӕн лӕггад кӕныны хъуыдымӕ ӕмӕ баиу уӕм Йӕ бирӕ бинонты къорды.

45

# ТОТОЙЫ ТÆССАГ ЦАРД

47

– Йæ уарзондæр хæринаг цымæ цы у леопардæн? – сывæллæтты бафарста Дауди, дохтыры хъузон саухъæды.

Сеппæт дæр уыцы иу дзыхæй загътой:

– Маймулийы фыд!

– Уæдæ уын æз радзурон чысыл маймули Тотойы хабæрттæ.

Цæвиттон, маймули Тото бадти бæласы сæр æмæ йæ тых, йæ бонæй архайдта йæ ахуыргæнæг жираф Твигæмæ лæмбынæг хъусыныл. Æмæ йын, мыййаг, æнцон нæ уыд. Бадын нæ фæрæзта æмæ бæласы къабузыл катай кодта, иуырдæм, иннæрдæм йæхи ивæзта, тынг æй фæндыд гæлæбутимæ ахъазын.

Твигæ йын бауайдзæф кодта:

– Æнцад æнæсыбырттæй хъус, Тото. – Джунглийы хъæды æртæ за къоны ды хъуамæ æнæмæнг дæ зæрдыл бадарай. Уыдон дæ иу ахæм бон фервæнын кæндзысты мæлæтæй.

49

Тото йæ ком аивæзта, фæлæ Твигæ уыцы карзæй йæ ныхас дарддæр кодта:

– Цард арæх бахауы тæссаг уавæры, уымæ гæсгæ ды æнæмæнг ХЪУАМÆ ЗОНАЙ уыцы закъонтæ. Æмæ сæ куы æххæст кæнай, уæд æдас баззайдзынæ. Фæлæ сæ куы ницæмæ æрдара й, уæд дæ фыдгул афтæ, исты фыдбылызы бахаудзынæ.

– Фыццаг закъон уал æз мæ зæрдыл бадардтон, – аппæлыды Тото. – ÆВÆДЗА, БАМБÆРСТАЙ, ЛЕОПАРД КÆМДÆР ÆВВАХС ФÆЗЫНД, ГÆПП КÆН БÆЛАСЫ ЦЪУППМÆ, ÆППÆТЫ ЛЫСТÆГДÆР ТÆССОНДДÆР КЪАЛИУМÆ!

Твигæ разыйы тылд бакодта йæ сæр.

– Раст зæгъыс. Дыккаг закъон амоны афтæ: МАКУЫ ÆРЛÆУУ ЗЕБРÆЙЫ ЧЪЫЛДЫММÆ.

– Фæлæ æз нырма зебрæ нæма федтон, – бафиппайдта Тото.

– Фендзынæ йæ, куыд хъуыды кæныс, уымæй ноджы раздæр, – загъта Твигæ, – æмæ-иу уæд дæ зæрдыл æрбалæууæд: МАКУЫ æрлæуу зебрæйы чъылдыммæ.

– Уæд цæуылнæ? – фæрсы Тото.

– Зебрæ зæвæтæй цæвы, – бамбарын кодта Твигæ.

– Æллæх! Æз ахæмтæ нæ уарзын, – бахудти чысыл маймули. – Твигæ, æртыккаг закъон та уæд цавæр у?

– МАКУЫ БАКÆС КАЛМÆН ЙÆ ЦÆСТЫТÆМ! Гъе, уыцы æртæ закъоны дæ бон у, Тото, æнæ фæкъуызгæ радзурын?

– Куы сæ радзурон, куыддæриддæр сты, афтæ, уæд мын а цæуæн уыдзæн хъазынмæ?

Твигæ разыйы тылд бакодта йæ сæр.

– Уæдæ райдайон, нæ?! – загъта Тото.



Фыццаджыдæр: КУЫДДÆР ÆМÆ БАМБАРОН ЛЕОПАРД КÆМДÆР ÆРБАВВАХС, БÆЛАСЫ СÆРМÆ УАЙТÆККÆ СГÆПП ЛАСДЗЫНÆН ÆМÆ ÆРБАДДЗЫНÆН ÆППÆТЫ ТÆССОНДДÆР КЪАЛИУТЫЛ.

– Дыккаджы: ЗЕБРÆЙЫ ЧЪЫЛДЫММÆ НЕ ´РЛÆУДЗЫНÆН.

– Æртыккаджы: ИУНÆГ КАЛМÆН ДÆР ЙÆ ЦÆСТЫТÆМ НÆ БАКÆСДЗЫНÆН.

– Кæсыс, æртæ закъоны дæр къæрц-къæрццæй зонын.

– Хорз, – загъта Твигæ. – Дæ зæрдыл сæ бадар æмæ сæ пайда кæн. Ныр дын бар ис хъазынмæ.

Тото фырцинæй агæппытæ кодта къалиуæй къалиумæ æмæ дын æваст йæ хъустыл куы ауаид гиппопотамы ныллæг хъæлæс:

– Э-э... дæ райсом хорз, маймули.

– Хорз райсомтæ дыл скæнæд, Буху! Мыййаг зебрæ искуы федтай?

Гиппопотам банкъуыста йæ дынджыр сæр.

– Э-э, куыннæ. Уый у сау хæрæг урс тæлмытимæ. Кæнæ та урс хæрæг сау тæлмытимæ. Кæнæ та урс хæрæг сау тæлмытимæ? Ох, æдзухдæр сæ сæмхæццæ кæнын сау урс тæлмытимæ, æви урс сау тæлмытимæ.

Тото бахудти.

– Æмæ зоныс, кæм æй фенæн ис, уый?

– Э-э, куыннæ. Кæд нæ ныййæлæлæй кæндзынæ, уæд дын æй фенын кæндзынæн.

– О-о, э-э, акæс ма уартæ уыцырдæм!



Маймули бацин кодта.

– Уæдæ уый у уый зебрæ? Дæндагæй нæ хæцы?

– О, нæ, Тото. Уый тынг æвæлмон хайуан у. Йæ дæндæгтæй йын мæ тæрс. Æрмæст хъахъхъæ, йæ зæвæтæй дæ ма нырриугъæд.

– Згъоргæ тагъд кæны, Буху?

– Нæ зонын, – ныхъхъуыдыгæнгæйæ загъта гиппопотам.

– Жирафы хуызæн цæрдæг не ´згъоры?

– Нæ зонын, – бадзырдта Буху.

Маймули скатай.

– Мæн та уый зонын фæнды!

Стæй азгъордта сындзы къудзи агурæг.



– Кæс ма, Буху, ныртæккæ куыд азгъордзынæн.

Буху хъæрæй схурдт кодта йæ фындз:

– Аппар сындзы къалиу! Æй, Тото, æдылы митæ ма кæн!

Ахæмтæм кæсын мæм нæ цæуы...

– ЭЙ, КÆС-МА, БУХУ!

Сæфтджытæй нырриуыгъта фæстæрдæм æмæ Тото хæрдмæ фæхауд, æрзиллак кодта уæлдæфы...

... æмæ йæ тъæпп зæххыл фæцыд!

Буху йæм басæпп кодта.

– О-о, э-э, дæхи тынг ныццавтай, Тото?

Фæлæ дзуапп нæ райста.

– Маймули ракаст йæ цæстæй æмæ ныхъхъæрзыдта.

– Гм, зебрæ дæ нырриуыгъта, э-э, – загъта Буху, Твигæмæ бадзурон æз. Уый зондзæн, ахæм сахат цы кæнын хъæуы, уый. Атындзон.



Тото æрбадти æмæ йæ сæрмæ фæлæбурдта. Æмæ дын æваст куы айхъусид йæ тæккæ чъылдымæй цыдæр сыф-сыф. Сабыр хъæлæсæй сыф-сыфгæнгæ йæ бафарстæуыд:

– Ц-ц-ы рцы-д-и ам?

– Æдылы зебрæ мæ нырриуыгъта, – къуызгæ ныхæстæй дзуапп радта Тото.

– Т-т-т-ынг хъыг мы-н у, – райхъуысти дзуапп.

– Нæ дæ уынын, – схъæрзыдта Тото, – чи дæ? Мæ цæстытæ цыдæр кодтой, мæ сæр дæр йæхи мидæг гуыр-гуыр кæны.

– Уæд дæм мæхæдæг хæс-тæг-дæр ба-быр-дзынæн. Ныр мæ-æ уы-ны-ы-ы-с?

Тото æрныкъуылдтытæ кодта йæ цæстытæ.

Чи дæ чи?

– Æз ка-л-л-м дæн. Ды тынг рынчын дæ. Æрбакæс ма мын мæ цæс-ты-тæм. Ды ба-фæлладтæ.

Чысыл маймули йæ ком аивæзта.

– Æр-цъын-н-д кæ æмæ ба-фы-н-æй у.

Уалынмæ æрбазгъордтой Твигæ æмæ Буху.

Жираф загъта:

– Калм бафынæй кодта Тотойы!

Буху ныхъхъæр кодта йæ хъæлæсы дзаг:

– Ныууадз маймулийы йæ уагыл!

Райхъуысти калмы сыф-сыф дæр:

– Дæхи айс, науæд дыл фæ-х-х-æц-дзы-нæн!

– Ды мæныл фæхæцдзынæ? – бахудти Буху. – Фæлæу ма уæдæ, фæлæу, æз дын бацамондзынæн!

Калм, здухгæ, абырыд дарддæр.

Твигæ рæвдауæн ныхас кодта Маймулимæ.

– Райхъал у! Ракæс!

– Цы ´рцыди, цы ам? – йæ ком аивæзта Тото.



– Æцæг, æцæг? бафиппайдта Твигæ. – Зæгъ ма уæдæ, цы амоны джунглийы æртыккаг закъон?

– О, ныр мæ зæрдыл æрлæууыдысты ииуылдæр, – йæ азым æмбаргæйæ, загъта Тото. – Бахатыр мын кæн, кæй дæм нæ байхъуыстон, уый тыххæй.

Тропикон тæвд бæстæйы зайæг стыр бæлас, баобаб кæй хонынц, уый бынæй сыбыртт нæ хъуыст. Стыр арты къæрцгæнгæ сыгъдысты хус къалиутæ. Хъæды хуылфæй хъуысти цавæрдæр æхсæвдзу маргъы уасын.

– Тото ныр зоны, закъонтæ тынг ахсджиаг кæй сты æмæ сæ зæрдыл да ргæйæ алкæйы дæр фыдбылызæй кæй ферваæзын кæндзысты, уый, – ууыл фæци йæ ныхас Дауди. Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн афтæ загъта: „Мæн чи уарзы, уый Мæ Ныхасæн дæр аргъ кæны“.

– Фæлæ куыд базындæуа? Цы мын хъуамæ зæгъа Йесо, цы мæ кæнын хъæуы?

Сывæллæттæ æнхъæлмæ кастысты Даудийы дзуаппмæ.

Уый та ногæй уæлæмæ систа Библи.

– Сымах хъуамæ аргъ кæнат Йæ Ныхасæн, хъусат Æм. Ам Уый ныхас кæны махимæ. Æмæ цас арæхдæр кæсæм Библи, уыйас æй зондзыстæм хуыздæр æмæ æмбардзыстæм, кæм нæ куыд хуыздæр бакæнын хъæуы, уый.

# КОКОЙÆН ЙÆ ГУЫРÆН БОН У

69

Антилопæ Дик-Дик цинæй хæрдты хауы:

– Уæдæ цæй диссаджы рæсугъд бынат у! Буху, дæ зæрдæмæ нæ цæуы?!

– Гм, æцæгдзинадæй ахæм алæмæты ран зын ссарæн у, – ныллæг хъæлæсæй радзуапп кодта гиппопотам Буху.

– Æцæг зæгъыс, æцæг, – сразы Бухуйы дзуаппыл жираф, – бæлæсты аууон ацы мал сæрмагондæй махæн сарæзта нæ хуыздæр хæлар пыл.

– Нæхицæн уый нæ къухы никуы бафтыдаид, – йæ фындзы бын багуым-гуым кодта Буху.

Пæллахъ! Чысыл малы тæккæ бæрæгастæумæ чидæр баппæрста дур. Уый маймули Кокойы куыст у, ахæм фыдуаг митæм уый вæййы рæвдз.

70

Коко бавдæлд æмæ йæ армыдзаг æрæмбырд кодта лыстæг дуртæ æмæ сæ иугай-иугай æхста малмæ. Уый диссаг куыннæ у! Дуртæ æхста, афтæмæй тæккæ былмæ бацыд тынг хъæлдзæгæй æмæ багæпп кодта донмæ, хъазыди дзы цъыллинджытæ кодта. Уалынмæ дын æнæнхъæлæджы æрцыд æвирхъау хабар. Йæ тæккæ хъазынмæ куы бахæццæ, уæд æй цавæрдæр стыр комджын сырд ацахста йæ къæдзилæй æмæ йæ былмæ раппæрста.

– Æгъгъæд у, – райхъуысти гиппопотам Бухуйы тызмæг хъæлæс, – æгъгъæд у, дын зæгъын, дон змæнтын! Ацы рæсугъд æнцад мал нæ хæлар пылы у!

Буху ноджыдæр ма æддæдæр аласта Кокойы, байгом кодта йæ ком æмæ маймулийы ауагъта.

Коко, мæгуырæг, тæссæй асгæрста йæ къæдзил, мыййаг, кæд фæхъæн, зæгъгæ.

– Ды дынджыр, фыдхъуын æмæ цыфыддæр сырд дæ, æндæр ничи! – ныхъхъæр кодта маймули фырмæстæй. – Æз та цы мæ фæнды, уый кæнын, стæй мæ кæд фæнды æмæ кæм фæнды, уым!

Йе ´взаг фелвæста Бухумæ, фæлæ уыцы цъусдуг аирвæзти, па льмæмæ сгæпп кодта!

Иууылдæр куы ацыдысты, уæд Коко фенхъæлдта, иунæгæй баззад æмæ йæ ничи уыны, æмæ фæстæмæ йæ фыдуаг митæм бавнæлдта. Малы сыгъдæг донмæ цъыфы æмæ æлыджы гуппæрттæ базыгъуыттытæ кодта. Мæстæймарынæн йæ мидбылты худгæ кæрдæг æмæ дидинджытæ тыдта æд бындзæфхæдтæй малы былыл æмæ сæ фыддæрагæн донмæ зыввыт кодта. Стæй чысыл æддæдæр ацыд былгæронæй, малмæ кæй феппæрста, уыдонмæ иуварсырдыгæй а кæсыны тыххæй æмæ дын æнæнхъæлæджы куы ауынид пылы.
Уый лæууыд, хъып-сыпп йæ дзыхæй нæ хауд, афтæмæй. Коко уый куы ауыдта, уæд сæррæтт, зæгъгæ, бæласы цъуппыл абадт, къалиуæй къа лиумæ гæппытæгæнгæ æмæ лæф-лæфгæнгæ дымгæйау тындзыдта кæдæмдæр дард, цалынмæ фæрæзта, уæдмæ.



Ууыл бирæ бонтæ рацыд, афтæ Кокойæн æрхæццæ йæ гуырæн бон дæр. Æмæ дын мæнæ æнæнхъæлæджы йæ тæккæ фарсмæ куы а уынид жирафы сæр.

– Коко, дæ гуырæн боны тыххæй дын арфæ кæнын!

Маймули фырцинæй жирафы æккоймæ сгæпп ласта æмæ ныххудти.

– Мæ гуырæн бон ацы аз фæстаг хатт у, – бамбарын кодта хабар йæхирдыгонау. – Мæ гуырæн бон афæдзы дæргъы æз дыууæ хатты фæбæрæг кæнын, цæмæй тагъддæр сдынджыр уон, уый тыххæй.

– О, уый æцæгдæр маймулийы тыхджын зонды æрхъуыдыдзинад у, – бахудти жираф. – О, стæй ма дын уый зæгъинаг уыдтæн, Коко, пыл мын фæдзæхста, дæу фенын æй фæнды, зæгъгæ.

Коко фефсæрмы, æргæпп кодта жирафы æккойæ æмæ æппын æнæ дзуаппæй пыхсы аныгъуылд.

Стыр пæлæхсар къабузджын бæласы бын Коко амбæлди антилопæ Дик-Дикыл. Уый йæ сыкъаты æхсæн фæцæйхаста хæрзцæттæ стыр неси, йæ рæсугъд тæфмæ комыдæттæ уадысты, ахæм.

– Коко, зæрдæбын арфæ дын кæнын дæ гуырæн боны фæдыл. Ха тын дæм ма бахъæуæд, айс мæ лæвар.

Коко лæгъстæ нæ бацагуырдта йæхицæн. Иу цъусдуг ницуал сдзырдта, неси хæргæйæ. Стæй йæ дзых йе ´дзагæй кæй бон у дзурын. Фæлæ йæхинымæр багуым-гуым кодта:

– Æвæдза, цы хорз у гуырæн бон бæрæг кæнын. Нырæй фæстæмæ мын афæдз æртæ хатты уыдзæн гуырæн бонтæ.

Дик-Дик хъæлдзæг худт бакодта, стæй афтæ:

– Коко, фехъуыстай, пыл дæ агуры, уый?



– Дæ хорзæхæй, цы йæ хъæуы мæнæй? – йæхи æнæазым æвдисгæйæ, сфарста Коко.

– Чи зоны æмæ дын йæ зæрды исты ралæвар кæнын ис дæ ра йгуырæн бон, – дзуапп радта Дик-Дик, – кæд ды лæвары аккаг нæ ра зындтæ, уæддæр. Ферох дæ, йæ малы йын цытæ бакуыстай, уый?



– Уыйас диссагæй ницы, – дызæрдыгæй загъта Коко, кæд ын пыл йæ фыдуаг митæ, йæ „куыстытæ“ федта, уый тынг хорз зыдта, уæддæр.

Стæй азгъордта къахвæндагыл, йæ райгуырæн бон уый бæрц цины бон кæй нæу, ууыл хъуыды кæнгæйæ.

Коко йæ фæндагыл амбæлди гиппопотамыл. Буху йæ мидбыл худти.

– Гм. Дæуæн мæм диссаджы лæвар ис, Коко, дæ райгуырæн боны тыххæй. Æмбисонды хæрзад, хæрздæфгæнаг цæттæ неси.

– О, стыр бузныг, Буху, тынг уарзын неси. Нырæй фæстæмæ мæ бон афæдз бæрæг кæндзынæн цыппар хатты.

– Э-э... гиппопотамæн тынг зын у, Коко, неситæ хæссын. Уымæ гæсгæ мæ неси мæ дзыхы бавæрдтон, æмæ мæ ферох, уый адыл æй æнæрхъуыдыйæ бахордтон. Диссаджы рæгъæд хæрзад неси.

– Мæ неси бахордтай? – зæрдæсастæй ныхъхъæр кодта Коко.

Буху разыйы нысанæн йæ сæр банкъуыста:

– Æмбисонды хорз неси уыд, алæмæты адджын! Фæлæ кæддæриддæр æз афтæ æнхъæлдтон, сæйрагдæр у ном ссарын а рфæйы ныхæстæй, лæвæрттæй нæ, фæлæ. Стæй мæ цалынмæ нæма ферох, Коко, хъусгæ дæр æй, æвæдза, фæкодтай, фæлæ дæ пыл тынг агуры, дæ фенын æй фæнды.

Коко йæ цæстытæ адзагъултæ кодта æмæ уый адыл атындзыдта, кæдæм, æмæ гъа!

– Нæ, нæ, уый ахæм хорз несийы аккаг нæу, йæ фындзы бын багуым-гуым кодта Буху, йæ уæззау корто сæр ратид-батилгæнгæ, æмæ афтæ!

– Хорз æмæ йын нал радтон мæ неси!



Коко фæлладæй цыди уæззау цыд нарæг къахвæндагыл æмæ чысыл ма бахъæуа йæхи ма ´скъуыра пылыл. Уыцы æнæнхъæлæджы фембæлдæй цавд дурау аззад, стæй рахъавыд алидзынмæ, фæлæ йæ фæллад къæхтæй йæ ныфс нал ахаста. Йæ ком бахус.

– Æз... э... э... райдыдта бæргæ къуызгæ дзурын æмæ йæ цæстытыл ауад сабыр сыгъдæг мал, цæссыджы хуызæн рæсугъд доны цъыфы æмæ æлыджы гуппæрттæ куыд калдта, æмæ йæм пыл æмырæй, æнæсдзургæйæ куыд касти, уыцы нывтæ.

– Зæрдæбын арфæ дын кæнын дæ райгуырæн боны фæдыл, – а йхъуыста Коко пылы ныллæг æхсызгон хъæлæс.

Кокойæн сæргуыбырæй тыххæй сыхъуыст йæ дзырд:

– Бузныг.

– Æрбакæс-ма, цы лæвар дын æрбахастон, – дзуры йæм пыл.

Коко аивæй скасти хæрдмæ æмæ ауыдта рæгъæд бананты стыр ха л. Йæ къух æм бадаргъ кодта, стæй та йæ фæстæмæ æруагъта, æмæ, фæсмоны нысанæн йæ сæр ныттилгæйæ, фæсус хъæлæсæй афтæ фæкодта:

– Дæ малы сыгъдæг донмæ дын, Томбо, фæкалдтон алы чъизитæ æмæ мын ныххатыр кæн, ныббар мын мæ къулбадæг митæ.

Бынтон æнæсыбыртт ран хъуысти æрмæстдæр Кокойы зæрдæйы тæпп-тæпп.

– Æз нæ разындтæн дæ арфæты æмæ дæ лæвæртты аккаг, – йæ а ххос æмбаргæйæ дзырдта Коко.

– Ацы лæвар дын, Коко, у мæ хатыры нысан, ныббарстон дын дæ митæ, банантæ дын куы нæма æртыдтон, уæд.

86

Кокомæ тынг худинаг æркаст.

– Бузныг, Томбо.

Бананты хал йæхæдæг Кокойы дæргъæн уыди.

– Стыр бузныг, – ноджыдæр та раарфæ кодта Коко, йæ мидбыл худгæ, стæй афтæ:

– Ныр бацæудзынæн дæ малмæ æмæ мæ цæст дардзынæн йæ сыгъдæгдзинадмæ.

Кæмдæр уæле хъæлдзæг тыбар-тыбур акодтой пылы цæстытæ. Фæлæ сæ Коко нæ бафиппайдта, йæ цæсгом нырма сыгъди фырæфсæрмæй æмæ пылмæ бакæсын нæ уæндыди.

– Æз мæхæдæг асыгъдæг кодтон мæ мал, Коко, – райхъуысти пылы мæлгъæвзаг.

– Æз нæ разындтæн ацы лæвары аккаг, – ногæй та æфсæрмхуызæй сдзырдта Коко.

Нарæг къахвæндагыл бананты уæззау хал фæцæйхæсгæйæ, Коко хъуыды кодта, пылы лæварæй хай кæй бакæндзæн жираф Твигæйæн, гиппопотам Бухуйæн æмæ антилопæ Дик-Дикæн.

Æмæ кæнгæ дæр афтæ бакодта. Уыцы бон Кокойæн сси йæ ра йгуырæн бонтæй сеппæты хуыздæр, æхсызгондæр.

Ды дæр, мыййаг, исты фыдуагдзинад ракодтай? Æмæ æнхъæл уыдаис, уый фæстæ дæ нал уарзынц. Фæлæ дæ уарзтой сæ уарзтæй! Æмæ зоныс, æдзухдæр дæ Чи уарзы, Уый? Уый Йесо у! Уый амарди дæ тæригъæдты сæраппонд. Ды Йын хъуамæ зæгъай, фæсмон кæй кæныс. Æмæ дын ныббардзæн.

# ТОТО ЭКВАТОРЫ

## ЭКВАТОР ЭКВАТОР

91

Маймули Тото абалц кодта йæ хæстæджыты бабæрæг кæнынмæ. Уыдон цардысты джунглийы тархъæды арф ран, бынтон егъау бæлæстæ кæм зади кæрдæгхуыз цъæх-цъæхид арæх сыфтæрджын къабузтæй æмырæхгæдæй, ахæм бæлæсты æхсæн. Цадты сæрмæ та дидинджытимæ хъазæгау пæр-пæр кодтой гæлæбутæ.

92

Æмæ дын уалынмæ Тото ауыдта æнахуыр бæрзонд бæлас, суанг уæларвмæ фæцыд, ахæм. Бацыди йæм хæстæгдæр æмæ йæ цуры иу цуркыл ахæм фыст:

ЭКВАТОР.

Тотомæ йæ чъылдымæй æрбайхъуыст жираф Твигæйы хъæлæс:

– Ай тынг диссаджы бынат у, Тото.

– Э-э, куыннæ, куыннæ, – разы уыд гиппопотам Буху дæр. – Ам дунейы артдзæст и, дунейæн йæ тæккæ бæрæгастæу, зæххы дыууæ къорийы æхсæн арæн.

94

Тотойы цæстытæ цæхæртæ скалдтой.

– Æцæг? – бафарста уый.

– О, – дзуапп ратта Твигæ. – Ныр дæ бон у равзарын. Кæд уæлæ уыцы баобабмæ схизай, уæд фестдзынæ хуссарфарсырдыгæй. Уæд æкваторы сæрты ахиздзынæ. Дæ бон у равзарын, кæм уæвгæ дын у, уый.

Тото аныхта йæ бæрзæй. Гыццыл маймулийæн тынг зын уыди уый бамбарын.

Тото бирæ хабæрттæ фехъуыста хуссайраг зæххыты æрдхæрæны цардæй. Æмæ йæ хъуыдытæ схæлбурцъ сты йæ сæры. Куыд арæх хъуыста маймулиты кой, хуссармæ чи аивта йæ цæрæнбынат, уыдоны кой. Æмæ мæнæ ныр байгом йæ фæндаг. Цыдæриддæр æй бакæнын хъуыд, уымæн æрцыд фадат. Сфæнд кодта хуссармæ багæпп кæнын.

– Куыд рауайдзæн йæ цард хуссары? – ахъуыды кодта Тото. – Цы дзы банкъардзынæн, зæгъгæ, хуссайраг æрдæгкъорийыл иу баобабы сæр куы бадон, уæд?

Йæ буар арц сбадти уыцы хъуыдытæй. Стæй цæуылнæ багæпп кæна хуссармæ æмæ дзы цæуылнæ хъуамæ цæра. Уæд та баззаин цæгатырдыгæй? Чи зоны, хуыздæр уа? Тото дыууæрдæм скатай иу бæласы ставд къабузыл бадгæйæ, куы-иу æрлæууыд, куы та-иу ногæй райдыдта размæ-фæстæмæ.



Уалынмæ дын æнæнхъæлæджы куы айхъусид æнахуыр хъæлæс цыдæр мæлгъæвзагæй:

– Хуссары тынг хорз ацæудзæн дæ card, уæртæ чысыл маймули! Дæлæмæ æрхиз бæласæй æмæ дын æз фæндаг бацамонон, кæцырдæм дæ цæуын хъæуы, уый.

Дæуыл æрцæудзæн диссаджы æнахуыр æхсызгон хабæрттæ. Дæ бон бауыдзæн цыдæриддæр бакæнын, ныры онг дын бар лæвæрд цæмæн нæ уыд, уыдон сеппæт дæр.



Жираф æмæ гиппопотам лæууыдысты бæласы аууон æмæ хъуыстой уыцы ныхæстæ.

Маймулийы цæстæнгасæй бæрæг уыд, æнæнхъæлæджы диссаг хабæрттыл фембæлынмæ кæй бæллы.

– Уый калм у! – Ныхъхъæр кодта Твигæ. – Æмæ зоны, мах къордæй кæй дæ, уый. Фæлæ йæ фæнды йæхирдæм дæ асайын. Ма хъус фæлитой калммæ! Баззай ам немæ. Сфæнд кæн ам цæга тырдыгæй цæргæ баззайын. Уæд уыдзынæ амондджын æмæ бынтон æдас.

Тото ӕрхъуыды кодта йӕ хӕлӕртты Твигӕ ӕмӕ Бухуйы, хъӕрмзӕрдӕ пыл ӕмӕ антилопӕ Дик-Дикы. Сеппӕты цӕстуарзон ӕмӕ фӕлмас ахастдзинадӕй фӕсаст йӕ зӕрдӕ ӕмӕ сфӕнд кодта баззайын. Азгъордта ма уыцы ставд къабузыл ӕмӕ ныхъхъӕр кодта:

– Баззайдзынӕн цӕргӕ ам цӕгаты! Иу сӕррӕтт ма акодта къабузыл ӕмӕ ныфсджынӕй ӕрбадт.



Тото йӕхи нылхъывта бӕласы зӕнгмӕ, йӕ фыркатӕйӕ. Сфӕнд кодта цӕгаты баззайын. Тотомӕ йӕ зӕрдӕ дзырдта, ныр ыл цыдӕр хабар ӕрцӕудзӕн. Фӕлӕ йыл ницы ӕрцыд. Калмы хъӕлӕс бӕлвырд нӕ бамбӕрста. Стӕй ницы банкъардта. Куыд уыд, афтӕ баззад. Фӕлӕ мӕнӕ йӕ фарсмӕ йӕ хӕлӕртӕ: Твигӕ, Буху ӕмӕ Дик-Дик ӕрӕнцадысты сӕ сагъӕсӕй ӕмӕ кӕсынц хӕрдмӕ къабузыл бадӕг Тотомӕ.

– Макуы рох кӕн уыцы бон, калмӕн йӕ цӕстытӕм куы бакастӕ, уый, – загъта Твигӕ.

Ӕмӕ Тотойы зӕрдыл ӕрлӕууыд уыцы ӕнӕхаиры ӕвирхъау бон, ка лмы ахасты куы фӕцӕйхауди, уый. Тото йӕ амондмӕ гӕсгӕ а йхъуыста йӕ фарсмӕ жирафы фӕлмӕн рӕвдаугӕ хъӕлӕс:

– Тото, чи зоны, ды ӕнхъӕлыс мах ранӕй хуссар хуыздӕр у? Ма бауулӕнд калмыл! Макуы цу баобамӕй ӕддӕдӕр. Уыцы бӕлас ма цӕгатаг ӕрдӕгкъорийыл ис. Уый ма рох кӕн!

Тото разыйы тылд бакодта йӕ сӕр. Чысыл маймулийы зонд нырма дзӕгъӕлтӕ кӕны, кӕцырдӕм цӕуа, нӕ зоны.

– Твигӕ, уӕдӕ цӕуылнӕ ӕмбарын ӕз исты хъауджыдӕрдзинад цӕгатӕй хуссарӕй, кӕд калмы коммӕ нӕ бакастӕн ӕмӕ мӕ бынаты дзыхълӕуд ныккодтон, уӕддӕр? – фӕрсы Тото. – Цӕмӕн мӕ хъӕуы ӕнӕмӕнг цӕгаты баззайын, кӕд ӕмӕ хуссары ахӕм диссаджы хорз цард ис, уӕд?

– Цæмæн куы зæгъай, уæд нырма ды æдылы дæ. Куы байрæзай, уæд æй дæхæдæг уындзынæ, раст фæндагыл кæй цæуыс, уый. Æмæ уыйас амонджындæр уыдзынæ.

Тото ма уæддæр бадти бæласыл. Æмæ уырдыгмæ фæлгæсыд эква торы амонæнмæ. куы-иу æй разырдæм бакаст, куы фæстæрдæм. Кæсгæ та йæ афтæмæй кодта, йæ дзæмбытæй къалиуыл ныззæгæл æмæ йыл узæгау кодта размæ-фæстæмæ. Ноджы ма йæ даргъ къæдзил аздыхта, кæуыл бадт, уыцы къалиуыл æмæ йæ уызта дæлæмæ-уæлæмæ.

– Раст у, – загъта Тото, – кæд æппындæр ницы хъауджыдæрдзинад æмбарын цæгат æмæ хуссарæй, уæддæр раст фæндмæ æрцыдтæн.

– О, о, Тото, раст дæ, – бахудти Твигæ.

– Э-э, уæдæ, уæдæ, – уæлдай ницуал загъта Буху дæр, – куыд фылдæр азтæ дыл цæуа, афтæ бæлвырддæр æмбарын байдайдзынæ, цæгатæй хуссарæй цы хъауджыдæр ис, уый.

Тото семæ рацыд. Тынг цин бакодта, раст хъуыды йæм кæй æрцыд, уый тыххæй. Калм та мæстæй судзгæ асыф-сыф кодта пыхсы.



Дæуыл, мыййаг ахæм æмбисонд никуы æрцыд, никуы ныссуйтæ дæ, раст фæндаг кæцы у, уый æвзаргæйæ? Хатгай цыдтæ фæлывд фæндагыл. Æмæ уæд куывтай Йесомæ, цæмæй дын баххуыс кæна раст фæндагмæ разилынæн. Æмæ Хуыцауы куыд фæнды, афтæ куы кæнай, уæд чи зоны, дæхимидæг ницы бамбардзынæ, фæлæ дæ цард аивдзæн.

# ЭКВАТОР

– Дауди, радзур ма нын, дæ хорзæхæй исты диссаг хабар. Зыбыты иунæг дæр уæд, – балæгъстæ кодтой сывæллæттæ.

Къордæй бадтысты баобабы бæласы бын æмæ тынг æнхъæлмæ кастысты Даудимæ.

Дауди дохтыры æхxуысгæнæг у, йæ хъузон джунглийы хъæды. Æмæ исты радзурыны агъоммæ ахъуыды кодта иу чысыл.

– Никуы фехъуыстат ахæм маймулийы хабар,
бæрзонд схизынмæ чи хъавыд йæ
царды æмæ ма тыхамæлттæй
удæгасæй чи аирвæзт?
Нæ фехъуыстат нæ? Уæдæ
байхъусут...



# МАЙМУЛИ ДОМБАЙЫ ЦАРМЫ

– Абон диссаджы хорз бон скодта джунглийы хъæды! – сæхи æхсæн ныхас кодтой сырдтæ.

Хъусæй лæууыд æрмæст гиппопотам Буху. Тыхсти æрмæстдæр иу фарстайыл.

– Эй, Твигæ, – æппынфæстаг бадзырдта жирафмæ: – домбæйттæ, мыййаг, бæлæстæм хилынц?

– Искуы иу хатт? – дзуапп радта Твигæ.

– Бакæс ма уæртæ уымæ, – дзырдта дарддæр Буху. – Нырма-ныр банцад йæ къæдзилæй тилын. Кæд йæ фыр знæтæй, мыййаг?

– Мæнмæ гæсгæ уыцы домбайæ махæн æппындæр ницы тас у, – бахудти Твигæ. – Цом æмæ йын салам раттæм.

– Эй, ды та уым уæле цы ми кæныс? – схъæр кодта хæрдмæ Буху.

– Цы загътай, цы? Р-р-р-р! Хæстæг мæм ма æрбацæут, науæд уæ а пирдзынæн!.. Р-р-р-р!

– Æцæг, æви? – дис кæны Твигæ. – Æмæ уæвгæ та чи дæ?

– Ау, цæстытæ дыл нæй? Æз – сырдты паддзах, тæрсут мæнæй!

– Тото! Ды та дæхи цы ´ртыхтай рæмпæгхæрд домбайдзармы, бафæрс дæ, уæд? Æмæ ма ноджы дæхицæй домбай аразыс? Ничи йæм кæсы! Худæгæй марыс, домбай нæ, фæлæ!

– Мемæ дæле-уæлæмæ ма уæнд, дын зæгъын, дзурын, Твигæ, на уæд дæ аныхъуырдзынæн æд хъуын, æд хъис. Æз ныр маймули нал дæн, уый дын ничима дзырдта? Хæрын, домбæйттæ цы хæрынц, уый. Ныббогъ кæнын, куыд домбай: р-р-р!

Æмæ цæугæ дæр кæнын, домбæйттæ кæдæм цæуынц, уырдæм!

114

Твигæ йын лæгъстæ кæнын байдыдта:

– Нæ дæ рауайдзæн домбай, куы йæ фæзмай, уæд.

– Æллæх, æллæх, ныууынæргъыдта Буху.

– Цы, цы?! – фæтъæлланг ласта Тото. – Домбайы царм мыл тынг дзæбæх фидауы. Зынын дзы уæздан æмæ хъæддагхуызæй æмæ...

– Домбай цæмæй уай, уый тыххæй гуыргæ дæр хъуамæ домбайæ ра кæнай. Ды хъуамæ суай ног цæрæгой, – уый бамбарын кæнынил йæхи хъардта Твигæ.

117

Фæлæ йæм Тото хъусгæ дæр нæ кодта.

– Æрбакæс ма, мæ цыд дæр домбайы цыд нæу, Буху? – фездæхти Бухумæ... Куыд цæрдæг дæн, гæппæввонг. Фæндид мæ базонын, ацы хъæды цымæ цас и зондджын сырдтæ.

– Цыдæриддæр у, уæддæр ды цас æнхъæлыс, уымæй иу къаддæр, – бафиппайдта Твигæ. – Тæссаг хъазты дæхи дзæгъæлы бафтыдтай, кæд æй æмбарыс, уæд.

– Уæвгæ ахъуыды кодтай, иннæ сырдтимæ куы фембæлай, уæд цы уыдзынæ, ууыл? уайдзæфгæнæгау бакодта Буху.

Тото бахудти.

– Абонрайсом уал мыл фембæлд гиенæ. Æмæ мæ куыддæр ауыдта, афтæ йын йæ фæд дæр нал ауыдтон, æрбадæлдзæх. Уымæн æмæ зоны, домбайыл æмбæлынæй йæм цы фыдбылыз кæсы, уый.

– Æмæ дыл носорог (сыкъафындз) куы амбæла, уæлдайдæр знæтæй, уæд та, науæд стонг леопард?

Тото ныхъхъыллист кодта.

– Цы, цы?! Уæд базондзысты, джунглийы паддзах цы ахады, уый. Æмæ ма мæ хъыррыст хъæлæс куы байхъусой, уæд мысты хуынкъ туманæй агурдзысты, сæ зæнгтæ сæ быны æртасдзысты мæ иунæг фендæй дæр.

120

– Гм, – ахъуыды кодта Буху, – чи зоны ацы маймулийы сæры æрмæст уæд бацæудзæн зонд, æмæ куы басудза йæ æдылы ныхæсты азарæй.

Уалынмæ дын куы бамбарид цыдæр тасдзинад.

121

– Уæхи хъахъхъæнут! – фæсидти иннæтæм. – Мæ зæрдæ фехса йдта, леопард нæм æрбаввахс. Тото, цырддæр хæрдмæ бæласы сæрмæ, цалынмæ дæ нæма æрбаййæфта, уæдмæ! Цом, Твигæ!

– Байхъус æм! – фæхъæр кодта Твигæ. – Домбайы хуызы та дæ бон уыдзæн фæстæдæр ахъазын!

Фæлæ Тото æрмæстдæр йæхи фæтызмæгхуыз кодта, æндæр ницы.

– Æз нæ тæрсын! Леопардтæ зонынц, домбаимæ фембæлдæй сæм цы фыдбылыз кæсы, уый. Р-р-р-р! Ауай, Буху æмæ бамбæхс, кæд тæрсыс, уæд.

122

– Леопард ардæм æрбацæуы? Багъæц, æз ын фæлæу, сырдты па ддзах цы у, уый фенын кæндзынæн! Р-р-р-р! Йæхæдæг йæ домбайдзармы барц батылдта æмæ бахудти.

– Ныр фæтæрсдзæн æнæмæнг.

Уалынмæ дын леопарды богъ куы айхъусид.

– Чи у уый та? Чи ныббогъ кодта? – афарста Тото.

Леопард та ноджыдæр ныббогъ кодта.

– Лидзгæ, Тото! – дардæй йæм ныхъхъæр кодта Твигæ.

– Лидзгæ, цырддæр! – бадзырдта йæм Буху дæр.

Тото фæстæмæ ракаст æмæ ауыдта леопарды цæстытæ.

Леопард та ноджы карздæрæй ныббогъ кодта. Тотойы хъæлæс æва ст фæбæрзонддæр æмæ лæгъстиаг хъыллист ныккодта:

– Уымæй хæстæгдæр ма ´рбацу, дæ хорзæхæй, мæ уарзон гæдыйы лæппын. Лæуу дæ мидбынаты, дын куы зæгъын! Æз сырдты паддзах дæн кæнæ... ФÆДИС!

124

Тотойæн ахаудта йæ домбайдзарм, бæласмæ маймулийау цæрдæг куы сгæпп кодта, уæд... Афтæмæй фервæзт йе ´знагæй, бæласы цъуппыл æппæты тæссонддæр къалиуыл бадгæйæ.

126

Леопард дæр сбырыди уыцы бæласмæ, æрбадти иу ставд къабузыл æмæ уырдыгæй йæ цæст дардта Тотомæ. Афтæ æнæхъæн бон фенхъæлмæ касти, маймулийы сойджын фыд ахæрыны мондагæй. Хур куы аныгъуылд æмæ мæй арвы астæумæ куы стылд, уæддæр ма æнхъæлмæ касти. Стæй кæддæр леопард куы афынæй, уæд бæласы цурмæ базгъордта Твигæ. Тото æргæпп кодта Твигæйы даргъ бæрзæй-мæ æмæ афтæ тыхамæлттæй аирвæзт удæгасæй.

– Гъе, уый та дын маймулийы цыргъ зонд, – уайдзæфау бакодта Твигæ.

Тото зæрдæсастæй йæ сæр батылдта разыйы нысанæн.

129

– Твигæ раст уыди; исты мæнг зæгъын? – бахудти Дауди.

– Нæ, нæ! Раст зæгъыс! – æмхуызонæй схор-хор кодтой иннæтæ.

– Ха-ха-ха, – йæ дзыхыдзаг ныххудти чысыл М ´гого, – уæдæ цæй æдылы ра зынди Тото!

Маймули никæддæр фестдзæн домбай, уыцы тыхджын сырды царм йæ уæлæ æртæ хатты куы ´ртуха, уæддæр æмæ домбайы богътæ иудадзыг куы кæна, уæддæр.

– Уый уайтагъддæр бамбæрста Тото, куыддæр леопард æрбазынд, афтæ, – бафиппайдта Елизаветæ.

– Афтæ, афтæ! – Банкъуыста йæ сæр Дауди. – Раст мах дæр афтæ. Никуы суыдзыстæм чырыстæттæ, цыфæнды тынг куы сарæхсæм сæ фæзмынмæ æмæ се ´мхуызон куы дзурæм, уæддæр. Кæд æмæ исты хъизæмæртты бахауæм æмæ тынг фæтæрсæм, кæнæ истæуыл тынг смæсты уæм, уæд уайтæккæ дæр рабæрæг уыдзæн, нæ зæрдæйы мидæг Йесо цæры, æви нæ уæлæ чырыстон лæджы „царм“ æрбаппæрстам.

– Æмæ Йесо нæ зæрдæйы куы цæра, уæд мах дæр чырыстæттæ уыдзыстæм? – сфарста М ´гого.

Дауди бахудти.

– Æнæмæнг афтæ, Йесо кæмæдæриддæр æрбацæуы, чи Йæм бакувы, уыдонæй рауайын кæны ног адæймаг.



Иукæддæр та Дауди ногæй бадти сывæллæттимæ баобабы бæласы бын. Æрцыди та ног исты радзурыны рæстæг дæр. Æмæ Дауди райдыдта:

– Абон уын æз ракæндзынæн айдæны хабар. Айдæны зыны уе ´цæг хуыз, куыддæриддæр стут царды, уый.

– Кæддæриддæр? – афарстой сабитæ.

– Кæддæриддæр, – йæ сæр батылдта Дауди.

# ГИППОПОТАМ ÆМÆ АЙДÆН

133

Цæвиттон, маймули Тото ссардта тæвд бæсты зайæг кокосы æнгуз æмæ йæ фырцинæй адзырдта антилопæ Дик-Дикæн.

– Дик-Дик, уæ Дик-Дик, æз ссардтон замманай кокосы æнгуз. Цом æмæ рацагурæм гиппопотам Бухуйы. Уый нын æй куынæ а сæтта, уæд нæхæдæг ницы бакæндзыстæм. Сырдтæй иуæн дæр нæй уый дæндæгты хуызæн фидар.

Ацыдысты, уæдæ цы, гиппопотамы агурæг. Ссардтой йæ иу тæнæг мæсчъы доны цур.

– Буху! – ныхъхъæр æм кодта маймули. – Цы хорз у, кæй дæ ссардтам, уый!

– Мæнмæ гæсгæ нæ Буху нæ хъусы, – загъта Дик-Дик.

Тото æдзынæг ныккасти Бухумæ.

– Кæд, мыййаг, фынæй у? Фæлæ нæ, йæ цæстытæ гом сты. Аныхас мæ фæнды йемæ.

Æмæ маймули хъæлдзæг ныхас байдыдта гиппопотамимæ.

– Буху, мæ зынаргъ тъæпкъах хæлар...

– Ныр ницуал! Ницуал рауайдзæн дæ лæгъстæй, – бахъуыр-хъуыр кодта Буху. – Æз ацы ран лæууыдтæн æмæ æнхъæлмæ кастæн, дон йæ сæр-сæрæй кæд банцайдзæн, уымæ. Уый мын афтæ:

„Дон йæ сæр-сæрæй куы æрæнцайа æмæ куы æрлæгъз уа, уæд дзы фендзынæ дæ цæсгом“.

– Уый чи загъта? – бафарста Тото.

135

– Зæронд уæздан маймули. Уый загъта: „Буху, дон бынтондæр куы æрсабыр уа, уæд ныккæс æмæ дзы дæ цæсгом фендзынæ“.

Дик-дик æхсызгонæй афарста:

Буху, тынг зын нын у, дон кæй базмæстам, уый; фæлæ дæ цæмæн а фтæ тынг фæнды дæ цæсгом фенын?

– О, уый дын цы ныхас у? – йæ мидбыл баæудти Буху, – уыцы уæздан дзæбæх маймули загъта, цы рæсугъд, дам, дæ æмæ мæхи мæхædæг фенон, æцæгдæр афтæ рæсугъд дæн, æви нæ.

136

– Уæвгæ та кæм амбæлдтæ уыцы зæронд дзæбæх маймулийыл? – афарста Тото, худæнбылæй. – Ӕдылы фæци, уыцы судзгæ хурмæ да рдта йæхи?

– Гм – нæ... Цæвиттон, доны былыл лæууыди. Ӕмæ доны сæрты фа ллаг фарсмæ ахизын нæ фæрæзта. Дон арф у, уый та ленк кæнын нæ зыдта. æмæ уæд загъта: „Цы рæсугъд дæ, æвæдза, гиппопотам!“



Тото æмбаргæхуызæй йæ сæр батылдта:

– Уый, æвæццæгæн, бамбæрста, ды канд рæсугъд кæй нæ дæ, фæлæ ма æмбисонды дæсны ленк кæнынмæ, стæй ма ноджы хæрзæгъдау æмæ цæттæ кæддæриддæр баххуыс кæнынмæ.

– Уæдæ, уæдæ, – бахудти Буху, – уыдæттæ иууылдæр зыдта, кæд мæ раздæр никуы федта, уæддæр.

Тотойы цæстытæ та ногæй сæрттывтой.

– Иу цыбырдзырдæй, бирæ зæрдæлхæнæн ныхæстæ дын фæкодта æмæ йæ уый тыххæй доны фаллаг фарсмæ де ´ккойы бахастай, нæ?! Уæдæ уæд мæнæн дæр æнæмæнг баххуыс кæндзынæ. Кæсыс, мæнæ дын кокосы æнгуз. Асæтт ма мын æй, дæ хорзæхæй, мæ зынаргъ Буху!



– Ахæм уæздан маймули уыди, – йæ фынджы бын гуым-гуым кодта Буху. „Уæдæ цæй рæсугъд гиппопотам дæ“, – загъта мын уый. Гъе, уый дын æцæг æрдхорд.

Тото ма ноджыдæр иу къахдзæф хæстæгдæр бакодта гиппопотаммæ.

– Ӕз дæр де ´рдхорд бæргæ дæн, Буху, – загъта уый. – Нæма дын дзырдтон, куыд рæсугъд дæ, уый?

– Никуыма дæ фехъуыстон иу хатт дæр.

Бухуйы хъæлæсы уагæй бæрæг уыд йæ уайдзæф.

– О, ныббар мын, æз та æнхъæл уыдтæн рагæй зоныс мæ зæрдæйы уаг. Дзургæ та уымæн нæ кодтон, æмæ мæ нæ фæндыд, Буху, дæхиуыл фервæссай, уый. Уæвгæ та дын дæ цæсгоммæ куы бакæсын, уæд бæрæг у, армы тъæпæныл зынæгау, дзы зыны дæ зæрдæйы уаг, дæ хъæбатырдзинад æмæ дæ тых.

– Уыдæттæ фенын дын цы мадзалæй æнтысы мæ цæсгомыл?

– Чиныджы кæсæгау, уыдæттæ æз бакæсын дæ цæсгомы æнцъылдты, – дзуапп лæвæрдта Тото.

– Асæтт ма мын ме ´нгуз, – куырдта Дик-Дик.

– Нæ, ныртæккæ мæ бон нæу, – бахъуыр-хъуыр кодта Буху. – Æз цæуын агурынмæ сабыр дон, уымæн æмæ мæ раздæр фенын фæнды мæ цæсгом.

– Кæд дæ æнæмæнг фæнды фенын дæ цæсгом, – загъта Тото, – æз дын æрбахæсдзынæн айдæн, фæлæ нын уæд æппынфæстаг а сæтдзынæ не ´нгуз?

– Æрмæстдæр уый фæстæ, мæхимæ куы ´ркæсон, уæд, – загъта Буху.



Тото кæцæйдæр æрбантъæрдта стыр айдæн æмæ йæ сæвæрдта Бухуйы комкоммæ.

– Иууылдæр иуварс уæхи айсут, – ныхъхъæр кодта Тото. – Айдæн æрмæстдæр дæуæн у, Буху. Ныр бакæс дæхимæ, æцæгдзинадæй ца вæр дæ, уымæ.

Буху бакасти айдæнмæ.

– Æллæх, ай циу?! – къуызгæ сфарста Буху.

– Куыд, циу? – дисы бын æй фæкодта Тото.

– Кæй тыппыр нæрст цæсгом зыны айдæны?

– Дæу, Буху, дæу, – бахудти йыл чысыл маймули.

– Мæ цæсгом? Никæддæр! Æз ахæм нæ дæн. Нæ мæ уырны, уый мæ цæсгом никæддæр у? Кæй фæнды ахæм æбуалгъы фыдуынд уæвын?! Ме сæфт æрбауыдтон айдæнæй...



Буху мæстæй цæхæр акалдта. Йæ хъæлæс нæрыд.

– Уый та, æвæццæгæн дæ æдылы хъазæн митæй иу у, Тото, æндæр цы! Мæ удхæссæг федтон дæ фыдуаг митæй! „Цы рæсугъд дæ, æвæдза, гиппопотам!“ – куы загъта зæронд уæздан маймули. Уæд а фтæ æвирхъау дæн уæдæ?!. Æви уыцы æнæхаиры айдæнæн йæ зонд фæцыд! Ды, æвæццæгæн, ахъазынвæнд скодтай мæнæй, Тото, нæ? Æрæвæр ма уæдæ айдæн.

Тото дызæрдыг каст бакодта гиппопотаммæ.

– Æрæвæр, дын куы зæгъын, айдæн, – фæхъæр кодта Буху.

– Æмæ цы дæ зæрды ис уæд, цы кæнынмæ хъавыс?

– Цы, уый зоныс? – ныхъхъæртæ кодта Буху æмæ айдæныл æрлæууыд йæ къæхтæй. Йе ´згъæлæнтæ фесхъиудтой алырдæм.

– Асастай айдæн! – смæсты Тото.

– Асастон æй, æмæ цы? Мæ удхæссæг дзы уынын!

Буху тынг мæстджынæй ныггæп кодта донмæ, маймулийы æнгуз нал асаста, афтæмæй.

150

– Уæдæ цæй æдылы у Буху, – цымыдисæй фæхъæр кодтой сабитæ. – Айдæн æцæгдзинад равдыста, уымæй цы зылын у!

– Афтæ, афтæ! – банкъуыста йæ сæр Дауди. – Фæлæ æцæгдзинад Бухуйы зæрдæмæ нæ фæцыд. Уый бынаты мæнæн дæр нæ фæцыдаид, æвæдза.

Йæхæдæг хæрдмæ систа иу бæзджын чиныг, сывæллæттæ ма ра здæр дæр кæй федтой, уый, Библи.

– Уынут, ай Хуыцауы стыр айдæн у. Чидæриддæр æм кæсы, уыдонæй алкæмæн дæр æвдисы, чи цы у, уый, Хуыцаумæ цы хуызы зыны, уый.

Стæй фæкомкоммæ иу африкаг лæппумæ:

– М´гого, дæ зæрдæмæ фæцыд, æрæджы йæм куы бакастыстæм, уæд?

– Нæ фæцыд!

М´гого куыддæр фæсырх æмæ бахудт.

– Фæлæ чи цы хуызæн у, афтæмæй хъуамæ ма лæууа.

Сеппæт дæр цымыдисæй кастысты М´гогомæ. Уый та сæрфта йæ къæбылайы рагъ, ницы дзургæйæ.

– Ды раст дæ, – феххуыс ын кодта Дауди. – Библийы мах уынæм ка нд нæхи нæ, фæлæ Йесойы дæр. Æмæ нын цы дзуры сымахмæ гæсгæ?

– „Æрцæут Мæм уеппæт дæр – стырæй чысылæй. Мæн фæнды сымахæй ног адæм саразын, Хуыцауы зæрдæ кæмæй рухс кæндзæн, а хæмтæ. Афтæ тынг уæ аивдзæн, æмæ цингæнгæ кæсдзыстут Хуыцауы айдæнмæ. Уымæн æмæ уæ уарзын“.

153

# ТОТО ÆМÆ ЛÆХЪУГ АЙК

155

Дыууæ чысыл маймулийы Тото æмæ Коко æнцад никуы бадынц, ра змæл-базмæл кæнынц. И къалиуæй иннæмæ сæррæттытæ байдайынц, кæрæдзи расур-басур сисынц. Уый фыдæй æдзух вæййынц стонг. Хæргæ та кæнынц банантæ æмæ гагадыргътæ, хъæндилтæ æмæ æнгузтæ. Æппæтæй фылдæр уарзынц æйчытæ.

Иу зæронд бæласы саджилы Тото æмæ Коко ссардтой ахстон.

-Мæнæ ма! Ахстон кæм и... – сдзырдта Тото.

– ... уæдæ уым æйчытæ дæр уыдзæн, – бацин кодта Коко.

Тото сбырыд бæласмæ æмæ æцæгдзинадæй ахстоны разынди иу стыр фæныкхуыз айк.

156

– Ацахс æй! – ныхъхъæр кодта Тото бынмæ бæласы сæрæй.

Коко хæрдмæ сивæзта йæ къухтæ, кæд æмæ айк æрцахсид, зæгъгæ. Фæлæ йæ не ´рцахста. Айк зæхмæ æрхауд æмæ асаст. Æвирхъау æнад смаггæнæг донгъæд дзы ракалд.

– Фу! – фæхъæр кодтой чысыл маймулитæ æмæ алыгъдысты уырдыгæй.

Æрмæст бындзытæ бацин кодтой айкыл.

159

Жираф Твигæ, гиппопотам Буху æмæ антилопæ Дик-Дик, чысыл æддæдæр лæугæйæ, сæ цæст дардтой гыццыл маймулиты хабармæ.

– Уый дын гъе, – бахъуыр-хъуыр кодта Буху, – ахæм хорз айк куыд хъуамæ бамбийа, куыд ыссымаг уа?

Твигæ бахудти.

– Хурмæ йæ æрæвæр, – загъта уый, – æмæ цыфæнды хорз айк дæр æрбалæхъуг уыдзæн.

– Гм, æмæ йæ уæд фæстæмæ та куыд схорз чындæуа? – фæрсы Буху.

– Уый гæнæн нæй, ницы мадзалæй, – дзуапп радта Дик-Дик.

Твигæ йæ сæр батылдта, нæй гæнæн, зæгъгæ.

– Лæхъуг айкæн фæстæмæ схорзы амал ницы хуызы ис, – бафтыдта сæ ныхасыл Твигæ.

160

Уыцы рæстæджы зæронд Ниани, Тото æмæ Кокойы дада æрцæйцыди доны былмæ. Йæ къухы хаста айк. Уый ырма хъарм уыди. Нырма йæ ныр райста карк Кукуйы ахстонæй.

Ниани йæ былтæ астæрдта. Арæхсгай цыргъ сындзæй хуынкъ скодта айчы æмæ йæ рацъырдта. Уый цъиргæйæ йæ рустæ мидæмæ бахаудтой, йæ цæстытæ та ныхъхъоппæг сты.

163

Чысыл маймулитæ дæрддзæфæй хъахъхъæдтой, сæ комы дæттæ уайгæ, айк цы бауыдзæн, уымæ. Йæ хъузг бынтондæр куы сафтид, уæд Ниани бавдæлд æмæ йæ дард фехста. Маймулитæ иууылдæр а фтæ кæнынц. Стæй куы бафсæст, уæд йæ цæстытæ æхсызгон ныкъуылд æркодта æмæ загъта:

– Æйчытæ – бæллиццаг хæринаг сты маймулийы ахсæнæн.

æмæ та ма иу хатт йæ былтæ астæрдта, стæй йæ ныхасыл афтыдта :

– Уый афтæ у бæргæ, фæлæ уæ ма рох кæнæд, алы айк бæллицца г аходæн нæу.

164

Хъомыл маймули Ниани фидар алфæста йæ къæдзилæй бæласы къалиу. Стæй слæууыд æмæ, йæ амонæн æнгуылдз хæрдмæ сисгæйæ, чысыл маймулитæм бадзырдта:

– Сымахæн æмбæлы зонын, иуæй-иу æйчытæ кæй сты æфхæрæн фындзы хуынчъытæн, хъизæмар – æвзагæн æмæ марг – ахсæнæн!

167

Тото æмæ Коко, сæ сæртæ батилгæйæ, бафарстой:

– Дæ бон нын бацамонын у, дада, кæцы æйчытæ бæззынц хæрынæн, кæцытæ та – нæ?

Ниани, цавæр ныхæстæй сын хуыздæр бамбарын кæна, ууыл хъуыдыгæнгæйæ, хъавгæ радзырдта:

– Иуæй-иутæ айкмæ акæсынц хурмæ, хæрынмæ кæй хъавынц, уымæ. Фæлæ уын фæдзæхсын! Цæстытæ дæр зонынц рæдийын. Иннæтæ та хъусæй байхъусынц айкмæ, – дзырдта дарддæр Ниани, йе ´стыр æмæ амонæн æнгуылдзты æхсæн айкыл хæцгæйæ, – сæ хъусмæ йæ бадарынц; фæлæ дзы цы фехъусдзынæ? Уый дæр тынг æнæсайд мадзал нæу.

Стæй Ниани размæ йæхи рагуыбыр кодта æмæ афтæ:

– Кæд уæ уырны, уæд уæ уырнæд, кæд уæ нæ уырны, уæддæр уын ницы мæ бон у, фæлæ маймулитæй æппæты æдылыдæр уыдон сты, а йк сæтгæ чи акæны, цæмæй йæм басмуда, уый тыххæй.

Маймулитæ æнкъардæй сæ сæртæ банкъуыстой, æмæ Тото мæлгъæвзагæй бахатыди Нианимæ:

– Зынаргъ дада, ды ахæм зондджын дæ, ахæм, æмæ ма нын куы ра дзурис, куыд хуыздæр бакæнгæ у уæддæр, куыд базындæуа айкæн йæ мидис, хорз у, æвзæр у, уый?

169

Ниани нæ фæзивæг кодта æмæ радта дзуапп:

– Уæдæ байхъусут: Айк райсут æмæ йæ бахæссут доны былмæ, æрæвæрут æй тæккæ былыл доны мидæг.

Иу цъусдуг фæхъус, йæ ныхасы аивдзинады охыл, стæй дарддæр дзырдта:

– Хъусут æмæ уæ зæрдыл дарут: доны чи ленк кæна, уыцы æйчытæ сты лæхъуг. Ахæм айк уæм куы бафта, уæд уæ иу къухæй ныххæцут уæ фындзыл, иннæ къухæй та фехсут айк дардмæ!

Ниани та фæхъус. Стæй хъæрæй æмæ бæлвырд ныхæстæй, джунглийы йæ алчидæр куыд фехъуыстаид, афтæ дарддæр кодта йæ ныхас:

– Айк дон бынмæ куы ласа, уæд зон, уый хæрынæн бæзгæ у.

170

Твигæ, Буху æмæ Дик-Дик дарддæр сæ цæст дардтой маймулитæм, къалиуæй къалиумæ чи гæпп кодта, уыдонмæ.

– Ниани тынг зондджын у, – загъта Твигæ.

– Æнæмæнг афтæ, – сразы Буху, – хорз фæнд бацамыдта ма ймулитæн.

173

Раст уыдоны æнгæс у сæ хъуыддаг адæмæн дæр. Махæн дæр нæ бон нæу искæйы зæрдæмæ мидæмæ бакæсын. Фæлæ кæмæндæр та у. Уый æрмæст Йесойæн. Йесо зоны æппæтдæр, цы хъуыды кæнæм, цæуыл тыхсæм. Стæй уыны нæ сусæг хъуыдытæ, нæ зæрдæйы фæндтæ, æппындæр фенæн кæмæн нæй, уыдон. Фæлæ Уый фæнды адæймаджы хорз скæнын, æрмæст Æм бахат, æндæр. Йесо кæддæриддæр цæттæ у баххуысмæ, фервæзын кæнынмæ, зæрдæ барухс кæнынмæ.

175

**Рауагъдад**

РУХС
СКÆСÆНЫ

Нæ зынаргъ чысыл хæлæрттæ!

Мах базонын фæнды, ацы чиныг уæ зæрдæмæ куыд фæцыд, куыд уæм фæкаст, уый. Ныффыссут нæм, уæ хорзæхæй, уæ фæндонтæ мæнæ ахæм а дрисыл:

362003, Владикавказ, а/я 1039

Чырыстон дины хæрзаудæнгæнæг Цæгат Ирыстоны Минæварад.

# ПАУЛЬ УАЙТ

# ТОТО ÆМÆ ЙÆ ХÆЛÆРТТЫЛ ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ ЦЫТÆ ÆРЦЫД, УЫДОНЫ ТЫХХÆЙ

**Нывгæнæг Петр Орам**

Copyright © 1984 by Paternoster Press
Ossetian translation copyright © 1992 by Licht im Osten

© 1992 перевод на осетинский «Свет на Востоке»